

Fason pou w manje nan restoran san danje pandan ijans sante piblik COVID-19 la

COVID-19 kontinye pwopaje nan kominote nou yo epi gen risk nan nenpòt ki moman ou rasanble ak lòt moun deyò lakay ou. Pandan n ap kòmanse retounen nan aktivite yo tankou manje nan restoran, li esansyèl pou n kontinye pran mezi pou n anpeche transmisyon COVID-19.

Pran kèk minit pou w konsidere fason pou w manje nan restoran san danje — pwoteje tèt ou, lòt moun k ap manje menm kote avèk ou yo, ak anplwaye k ap sèvi w nan restoran yo. Sipòte restoran NYC yo — men pran prekosyon!

Si w gen plan pou w manje nan restoran, swiv ti konsèy sa yo pou redui risk pwopagasyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou pa santi ou byen oswa si w gen plis risk pou w gen konplikasyon COVID-19 yo.** Si ou sòti pandan w malad, ou riske fè lòt moun malad. Si ou deja genyen yon pwoblèm sante ki afibli sistèm iminitè w, oswa ou gen 65 an oswa plis, konsidere rete lakay ou pou ou pwoteje tèt ou.
- **Limite kantite tan w ap tann.** Fè yon rezèvasyon alavans, gade meni an sou entènèt avan w ale, oswa fè kòmand pandan w ap tann pou yo ba w tab ou a. Lè w fè sa, w ap redui chans pou an kontak ak maladi a.
- **Mete kachnen toutan lè w p ap manje oswa bwè.** Sonje ke w ka pwopaje COVID-19 menm si w pa gen sentòm yo. Lè w mete yon kachnen, w ap pwoteje moun ki ozalantou w yo. Moun ki pa ka tolere kachnen yo pou rezon medikal ak timoun ki nan laj 2 zan oswa pi piti yo pa bezwen mete yo.
- **Rete a distans!** Kite yon distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun k ap manje nan restoran ki fè pati gwoup ou a ak anplwaye restoran yo, nan mezi sa posib. Pa bliye kenbe distans lè w ap tann pou yo fè w chita oswa pou w itilize twalèt yo.
- **Pratike ijyèn men ki sanitè.** Itilize dezenfektan pou men lè w ap antre, jis avan w manje ak apre w kite restoran an. Lave men ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn lè w ap itilize twalèt yo.

Pou redui risk pou kliyan yo, restoran yo pral fè kèk chanjman tou. Sa yo gen ladan:

- Fè depistaj pou wè si anplwaye yo gen sentòm COVID-19 yo avan peryòd travay yo epi voye yo lakay yo si yo malad.
- Asire anplwaye yo mete kachnen pou pwoteje moun k ap manje nan restoran yo ak anplwaye kòlèg yo.
- Kite espas ant tab yo pou gen omwen 6 pye ant gwoup k ap manje yo.
- Ankouraje distans fizik nan espas ki etwat yo ak espas kote moun mete yo an liy (tankou twalèt yo) lè yo mete tep, ansèy oswa lòt makè ki pou asire moun yo kite omwen 6 pye ant yo menm ak lòt moun.
- Mete dezenfektan pou men nan espas kliyan yo, tankou toupre antre yo ak kès yo.

- Netwaye espas moun manyen anpil yo tankou wobinè yo, pwanyè pòt yo ak kontwa yo pi souvan.

Pou w jwenn enfòmasyon jeneral sou COVID-19, ki gen ladan fason pou pwoteje tèt ou kont estigmatizasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus.

Pou w jwenn yon sit pou fè tès tou pre w, vizite nyc.gov/covidtest oswa rele **311**.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
6.21.20